



Mai / Rusama 2020

kirundi

Mpa se ico nywa!

(Yohani 4,7)

**Ntutinye gusaba!
Dare to ask!**

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi b'Ijambo,

Yari ku rugendo wenyene - ku maguru kandi yitwaje ivya nkenerwa gusa. Haza rero hagera aho akenera amazi. Niho rero yahura n'umuntu mu nzira, araheza amusaba amazi. Muri bene ivyo bihe abantu bagira isoni canke bakigirwayo. Ariko we igihe yumva ico kibazo ngo : „Mwoshobora kundonsa utuzi dukeyi?“, haciye havyuka umwizero. Niho rero ikiyago carema – emwe kabaye akaryo gahimbaye.

Yohani umwanditsi w'Inkuru Nziza yigana inkuru isa y'iyoye. Umukenyezi w'umunyasamariyakazi yaraje kw'iriba mu bushuhe bwo ku mutaga nk'isaha zitandatu aje kuvoma amazi. Yaje wenyene, ibintu bidasanzwe namba. Wamenga ni inyakanwe, atagira umugenzi. Yasa n'uwutarashikira ubuzima bushemeye. Yezu rero aramubona, aca yibwira ati : aha harimwo ikitagenda neza. Niho yaca agenda amugana - ku Muyahudi ntivyahwana n'imigenzo y'ico gihe - araheza abwira nya Munyasamariyakazi ati :“mpa se utwo utwo kunywa!“ Haza rero hatangura ikiyago. Uyo mugore yariyumvisemwo - kumbure ubwa mbere mu buzima bwiwe - urukundo nyakuri, n'uwumwegerana umutima mwiza. Yariyumvisemwo ko yakiriwe kandi hari uwumutegera. Ivyo vyarujije akanyamuneza umutima wiwe, gushika n'aho mu gusubira inyuma yibagira akabindi yari yazanye kuvoma.

Burya umuntu asavye yengenga, atuma uwundi kumuha. Haza havyuka ibintu magiriranire utari witeze, eka ibihe vy'amahoro. **Rinduka rero nawe usabe! Dare to ask!**

Ku bwa go4peaceTeam

Meinolf Wacker